

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen Epatit A: Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen Epatit A kapab anpeche ou gen epatit A.

Epatit A se yon maladi nan fwa ki grav. Jeneralman li pwopaje pandan w genyen kontak sere ak yon moun ki enfekte oswa lè yon moun san li pa konnen lage viris lan nan objè, manje, oswa bwason ki kontamine ak yon ti kantite tata (poupou) yon moun ki enfekte.

Majorite granmoun ki gen epatit A gen sentòm, tankou fatig, pa gen gwo apeti, doule nan lestomak, kè plen, ak lajònis (po oswa je ki jòn, pipi fonce, tata pal). Majorite timoun ki genyen mwens pase sis (6) lane pa genyen sentòm yo.

Yon moun ki genyen epatit A ka transmèt maladi a bay lòt moun menm si li pa gen okenn sentòm maladi a.

Majorite moun ki gen epatit A yo santi yo malad pandan plizyè semèn, men jeneralman yo refè nèt epi yo pa gen okenn domaj nan fwa ki dire lontan. Nan kèk ka ki ra anpil, epatit A ka lakòz ensifizans nan fwa epi menm touye ou; sa a plis kouran lakay moun ki gen plis pase 50 lane ak nan moun ki gen lòt maladi nan fwa yo.

Vaksen Epatit A te rann maladi sa a mwens kouran nan peyi Etazini. Sepandan, toujou genyen moun ki pa pran vaksen ki toujou ap pran epatit A.

2. Vaksen Epatit A

Timoun yo genyen bezwen pran de (2) dòz aksen epatit A:

- Premye dòz: 12 jiska 23 mwa
- Dezyèm dòz: omwen sis (6) mwa aprè premye dòz lan

Tibebe ki gen ant sis (6) jiska 11 mwa k ap vwayaje andeyò peyi Etazini lè yo fè rekòmandasyon pou gen pwoteksyon kont epatit A yo dwe pran premye (1) dòz vaksen Epatit A. Timoun sa yo dwe toujou pran de (2) lòt dòz nan laj yo rekòmande a pou yo gen pwoteksyon alontèm/

Timoun a adolesan ki plis jèn yo ki genyen de (2) jiska 18 lane ki pa te deja pran vaksen an dwe pran vaksen an.

Granmoun ki pa te gentan pran vaksen epi ki vle pwoteje kont epatit A kapab pran vaksen an tou.

Vaksen Epatit A rekòmande tou pou moun sa yo:

- Vwayajè entènasyonal
- Gason ki gen kontak seksyèl ak gason parèy yo
- Moun k ap pran dwòg nan san yo oswa nan bouch ak nan nen
- Moun ki genyen risk enfeksyon nan travay
- Moun ki prevwa genyen kontak sere ansanm ak yon timoun l ap adopte aletranje
- Moun ki pa genyen yon domisil fiks
- Moun ki genyen VIH
- Moun ki genyen maladi fwa kwonik

Anplis, yon moun ki pa te janm resevwa vaksen kont epatit A epi ki gen kontak dirèk ak yon moun ki gen epatit A dwe pran vaksen kont epatit A pi rapid li kapab fè sa epi nan espas de (2) semèn aprè li fin gen kontak lan.

Yo kapab bay vaksen kont Epatit A an menm ak lòt vaksen.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont epatit A**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante ou an kapab decide pou voye vaksinasyon kont epatit A pou yon lòt vizit.

Fanm ki ansent oswa k ap bay tete dwe pran vaksen an si yo gen risk pou yo genyen epatit A. Lè w ansent oswa lè w ap bay tete se pa yon rezon k ap anpeche ou pran vaksen kont epatit A.

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Moun ki pa twò malad oswa ki malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont epatit A.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

4. Risk reyakasyon ak yon vaksen

- Doulè oswa reyakasyon alèjik kote yo bay vaksen an, gen lafyèv, maltèt, santi fatig, oswa pèdi apeti sa ka rive aprè w fin pran vaksen epatit A.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakasyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyakasyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakasyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakasyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyakasyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/vaccines.

